# МазхIабаш – АллахIа вайн умматах бина къинхетам

## БисмиллахIиррохьманиррохьим

## Дешхьалхе

Хастам бу Iаламийн Да Волчу АллахIна. АллахIера салам-маршалла хуьлийла, Iаламех къинхетам беш Дала ваийтинчу вайн элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзална, асхьабашна, царна тIаьхьа мел баьзначарна а.

Бусалба дин цхьанна тIаьхьавазар ду. Веза-Сийлахьчу Дала боху Къуръана чохь: **«Шайна Дала доссийначу уггаре дикачунна тIаьхьадазалаш, цIеххьана, шайна хаа а ца хууш, Iазапо шаьш лацале».** *«Аз-Зумар», 55.*

Са́риятан кIанта Iирба́да (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тхуна говза хьехам бира, шех дегнаш кхeралуш, бIаьргех хи а долуш. ТIакха оха элира: **«ХIай Делан Элча, Iодика ечун хьехамах тера бу-кха иза, ахь тхоьга весет дехьа».** Цо элира: **«Ас весет до шуьга, АллахIах кхера, ладогIа, муьтIахь а хила, аьлла, шуна тIе Эфиопера лай хIоттийнехь а. Баккъалла а, шух тIаьхьа висинчунна дуккха а къийсамаш гур бу,** (оцу хенахь) **аш схьалаца сан суннат, шаьш нисбелла, кхиберш нисбеш а болчу халифийн суннат а, аш иза дIалаца кхелашца** (чIогIа). **Шу ларлолаш динехь бух боцуш керла юкъабаьхначу белхех, баккъалла а, массо динехь, бух боцуш керла юкъадаьккхина хIума, тилар ду».** *Абу Давуд, Тирмизи.*

Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) заманера вайна тIекхаччалц, Iеламнахана тIаьхьабозуш схьабогIуш бу бусалба нах. Абу Дардаа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Баккъалла а, Iеламнах пайхамарийн верасаш бу. Баккъалла а, пайхамарша ирс эца дийнар я дирхIам ца дитина. Баккъалла а, цара дитинарг Iилма ду, и схьаэцначо – доккха дакъа схьаэцна».** *Абу Давуд.*

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) деанарг нахана хьоьхуш, довзуьйтуш, тIейогIучу заманан Iеламнахана шариIатан талламаш бан некъ гайтинчех бу деа мазхIабан дай.

Делан лаамца, цхьацца бахьанашца дозаделла, Iеламнах, хьалха заманахь дуьйна, мазхIабашка бекъабелла Iилма талларан балха тIехь. ТIаьхьарчу хенахь «Iилманан говзанчаш» бевлла, мазхIабаша бусалба нах

бекъна, мазхIабийн дайшна санна, вайна а хуур ду Къуръано, Суннато хIун боху, мазхIабаш вайна оьшуш дац, бохуш.

МазхIаб бохучу дешан маьIна дуьйцуш, уьш маца кхолладелла, хIун бахьана долуш кхолладелла, вайна уьш оьшу я ца оьшу хьахош кечдина ду хIара жайна. Дала Iилманехь совдохийла вай, нийсонна тIехь чIагIдойла!

Бусалба дино, цхьана стеган шен дахарехь я юкъараллехь мел лелочу хIуманна (ламаз-марха, йохк-эцар, ялор-йитар, Iедалца йолу юкъаметтиг...) деш шариIатан хьукма ду. Шемахь вехаш волчу воккхачу Iеламстага Ахьмад Кафтарус ма-аллара, бусалба дин хIора адаман, ерриг юкъараллин дахар маслаIате, ирсе дан деана ду.

**Хьукма бохург хIун ду?**

Хьукма (дукхаллин терахьехь – ахькамаш) – АллахIа шен лешка дина дIахьедар ду, цара мел лелочуьнца дозуш долуш. Ахькамаш тайп-тайпана хуьлу: бехк боцуш стаг веран хьукма хьарам (Дала ма де аьлла, дина омра ду, ша и дича къа хир долуш) ду; дийнахь дечу пхеа ламазан хьукма фарз (важиб) (кхочушдича мела хир болу, ца дича къа хир долу Делан омра) ду; тешаш болуш, духалург ахча далар дIаяздар суннат (мандуб) (Дала декхар дина тIедожийна доцу омра, ша кхочушдича мела хир болуш, ца дича къа а хир доцуш) ду; ца оьшу, сов хеттарш дар, эладитанаш дийцаран хьукма – макрухI (Дала, ца деш дитар гIоли лерина хIума) ду; мерзаниг яарна, маларна хьукма мубахь (адамо, шена лиъча дита а, кхочушдан мегаш дерг) ду. Ламазна дIахIоттале ламаз эцна хила везаран хьукма – бехкам (и шеца хилча бен Делан омра кхочуш ца хуьлуш дерг) бу. (Ламаз карахь доцуш дина ламаз къобал хир дац) ...

**Хьукма билгалдаккхаран бух хIун бу?**

Хьукма билгалдаккхаран бух Сийлахь Къуръан, Суннат, Iеламнехан барт (ижмаI), дустар (къияс) бу. ТIехIоьттинчу хьолана хьукма билгалдаккхар Сийлахьчу Къуръанера долор ду, цу тIехь и ца карадахь, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Суннате хьовсур ду, цигахь жоп дацахь, ижмаIна тIетевжар ду. Кхолладеллачу хьолана хьукма ижмаIехь дацахь, тахана хIоьттинчу хьолаца дуста мегар долуш, яханчу хенахь хьукма билгалдаькккхина хилла, лелла хIума дуй хьовсур ду. Масала, къаьркъа хьарам дина ду Къуръана чохь, амма наркотикаш цу чохь хьахийна яц. Iеламнах хьовсур бу, къаьркъа хьарамдарна Дала хIоттийна бахьана муьлха ду. И бахьана, стаг вахийна, хьекъалх вохор ду. Изза до наркотикаша а. Цундела хьарам йина ю уьш. Къаьркъа маларан хьал, наркотикийн хьал

вовшех дуьстина, шолгIачийн хьукма билгалдаккхарх «къияс» олу. Суннатна, ижмаIна, къиясна тIе а тевжина, адамо лелочун шариIатан ахькамаш билгалдохучу Iилманах «фикъхI» олу.

Хьукма билгалдаккхарехь къахьоьгуш волчу Iеламстагах «мужтахIид» олу, ткъа цо бечу оцу балхах «ижтихIад» олу.

**МазхIаб бохург хIун ду?**

«МазхIаб» дешан маьIна – воьду меттиг, некъ бохург ду. ШариIато шена чохь хьукма билгалдаьккхина хеттарш, хьелаш гулдинчу ахькамех мазхIаб олу. Кхечу дешнашцa аьлча, мужтахIидан некъ бохург ду «мазхIаб».

**Маца кхолладелла мазхIабаш?**

МазхIабаш кхолладалар асхьабийн (Дела реза хуьлийла царна) заманахь доладелла. Ибн Халдуна (Дала къинхетам бойла цунах) шен «Мукъаддимат» жайнахь яздо: «Берриге асхьабаш ца хилла ижтихIад дан охIла, царах массаьргара схьаоьцуш ца хилла наха Iилма. Царна юкъахь цхьаболу асхьабаш (Дела реза хуьлийла царна) билгалбевлла хилла Къуръанан Iилма довзарца. Цара и Iилма Делан Элчанера (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) схьаоьцуш хилла, я цуьнгара хезначуьнгара Iамош хилла. Цу Iеламнехан «къурра́ъ (Къуръан доьшурш)» аьлла цIе яхана. Ислам стамдаларца, дIасадаржарца Iарбашна юкъахь алсамбевлла Къуръан, хьадисаш девзаш, шайн Iилманца ижтихIад далуш болу Iеламнах. Церан «фукъахIаъ» (фикъхIан Iилманчаш) аьлла, цIе яхана».

Асхьабийн заманахь (Дела реза хуьлийла царна) билгалдевлла: Iа́ишатан мазхIаб, IабдуллахI бин Iумаран мазхIаб, IабдуллахI бин МасIудан мазхIаб ... (Дела реза хуьлийла царна). Тахана бусалба нахана юкъахь гIарадаьлла даьржина лелаш диъ мазхIаб ду: Хьанафий, Маликий, ШафиIий, Хьанбалий.

1) Хьанафий мазхIабан да ву имам Абу Хьанифа НуIман бин Сабит (Дала къинхетам бойла цунах). Вина Куфа шахьарахь (Иракъ) 80/699-чу шарахь, кхелхина БагIдадехь 150/767-чу шарахь.

2) Маликий мазхIабан да ву имам Малик бин Анас (Дала къинхетам бойла цунах). Вина 93/711-чу шарахь Мадинатахь, оцу шахьарахь 179/795-чу шарахь кхалхар хилла цуьнан.

3) ШафиIий мазхIабан да ву имам Абу IабдуллахI Мухьаммад бин Идрис аш-ШафиIи (Дала къинхетам бойла цунах). Иза вина 150/767-чу шарахь ГIаззехь (Палестина), кхелхина 204/820-чу шарахь Мисрахь.

4) Хьанбалий мазхIабан да ву имам Абу IабдуллахI Ахьмад бин Хьанбал (Дала къинхетам бойла цунах). Вина БагIдадехь 164/780-чу шарахь, оцу шахьарахь 241/855-чу шарахь кхелхина иза.

**Диъ мазхIаб гIарадалар хIун бахьана ду?**

1. Цу мазхIабийн дай шайн хенахь Iилма уггар кIорггера долуш Iеламнах хилла. Суфьян Саврий, IабдуллахI бин Мубарак бохуш волчу воккхачу шина Iеламстага Абу Хьанифех (Дала къинхетам бойла царах) лаьцна аьлла: «Абу Хьанифа, шен хенахь, фикъхIан Iилма уггар алсам долуш вара». Абу Сакан бин ИбрахIима цунах лаьцна аьлла: «Шен заманахь уггар лакхара Iилма дерг вара иза».

Абу IабдуллахIа шена гина гIан дийцина: «Маьждигехь нахана юккъехь хиъна Iаш Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) гира суна. Цунна хьалха лаьтташ имам Малик (Дала къинхетам бойла цунах) вара. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шегара миск-IатIар Малике кховдадора, ткъа Маликас и IатIар нахана юкъа дIасадаржадора».

Абу Iубайда аьлла ШафиIих (Дала къинхетам бойла цунах) лаьцна: «ШафиIи санна Iарбийн мотт шера хууш, хьекъал долуш, Делах кхоьруш стаг ца гина суна». Абу Карима, «Къурайшийн тайпанна луьйш ма хилалаш, цу тайпанах вер волчу Iеламстага шен Iилманца хIара дуьне дузур долуш ду» бохучу хьадисехь вуьйцуш волу Iеламстаг, Мухьаммад бин Идрис аш-ШафиIи ву, аьлла. Абу Савр (Дала къинхетам бойла цунах) бохучу Iеламстага дийцина: «ШафиIи саннарг тхуна гина вац, я цунна шена а ца гина».

ШафиIис аьлла-кх Ахьмад бин Хьанбалах (Дала къинхетам бойла царах) лаьцна: «Со БагIдадера араволуш, Ахьмад бин Хьанбалал Делах кхерар чIогIа долуш, Iилма долуш, дуьне дIатесна стаг витина вац ас оцу шахьарахь».

2. Оцу деа мазхIабийн Iеламнаха шайн мазхIабаш вовшахтухуш жайнаш яздина. Масала, имам ШафиIис «Ар-Рисалат», «Аль-Умм» яздина; Хьанафин мазхIабехь волчу Мухьаммад Шайбанис – «Аз-ЗохIир Ар-Риваят».

МазхIабийн дайшна тIаьхьабогIучу Iеламнаха Iилманна тIехь къахьегарца, дендеш, кхиош, схьадалийна ду и диъ мазхIаб вайн деношка. Тахана цу деа мазхIабна тIаьхьабозуш бу дуккхах болу бусалба нах. Масала, ШафиIин мазхIабехь 100 миллионал сов адам ду, дуьненан массо маьIIехь дехаш а долуш.

**Къуръан, хьадисаш а цхьа бух хилча, Iеламнах мазхIабашка хIунда бекъабелла?**

Iеламнах мазхIабашка бекъабаларан бахьанаш:

1. Къуръанан, хьадисийн цхьадолчу дешнех Iеламнах тайп-тайпана кхетта хилар. Iарбийн мотт, вуно кIорге йолуш, хаза мотт бу. Масала, Къуръанан «Ла икрахIа фиддин» бохучу аятан шина кепара маьIна даладо: а) динехь ницкъбар дац; б) нуьцкъаша стаг дине вало мегаш дац.

2. Iеламнахе хьадис кхачаран некъ хийцаме хилар. Цхьаволчу мужтахIиде хьадис нийсачу некъахула кхаьчна хилла, цо иза ша хьукма доккхуш тидаме оьцу. Кхечунна изза хьадис заьIап некъахула кхаьчна хуьлу, цо и хьадис хьесапе ца лору ша бечу балхахь, я и хьадис девзина ца хила тарло цунна. Абу Хьанифас (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «Хьадис нийса делахь, иза сан мазхIаб ду-кх».

3. Хьукма билгалдоккхучу баххаш тIехь хийцамаш хилар. Масала, ШафиIин мазхIабехь хьукма билгалдаккхаран бух бу: Сийлахь Къуръан, Суннат, Iеламнехан барт (ижмаI), дустар (къияс).

4. Хьукма билгалдаккха яьхначу цхьайолчу бакъонаш тIехь хийцамаш хилар, я Iеламстага ша далийна делил чIогIа (бегIийла) ларар. Масала, Хьанафин мазхIабан Iеламнаха зудчух хьакхавелча ламаз карара ца далуьйту. Уьш тIетевжина Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) «Маидат» суратан хIокху аятна динчу тафсирна: «**ХIай ийман диллинарш! Шаьш ламазна хIуьттуш шайн яххьаш йила, куьйгаш а дила голашца цхьаьна, шайн коьртах хи хьакха, когаш била хьорканашца цхьаьна. Шайна хихвалар тIедоьжнехь, лийча. Нагахь санна шу цомгуш делахь, я некъахь делахь, я шух цхьаъ хьаштагIан гIуллакхна вахана веанехь, я шу зударех хьакхаделлехь, шайна хи ца карадахь – тема де цIеначу латтаца; аша хьакха и шайн яххьех а, куьйгех а. Шуна хало ян лууш вац Дела, шу цIандан, Шен ниIмат шуна кхочушхилийта лууш ву, шу баркалла олуш хилийтархьама».** *«Аль-Маидат», 6.* Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) аьлла, хIокху аятехь зударех хьакхавалар – иза зударшца меттахь хуьлу юкъаметтиг хилар ду, АллахIа и юкъаметтиг Шена луучу (говзачу) дешнашца хьахийна.

IабдуллахI бин МасIуда (Дела реза хуьлийла цунна) зударех хьакхаделлехь бохург зудчуьнца юкъаметтиг хилар доцург, дисина муьлхха кепара хьакхавалар ду, аьлла. Иштта Малика (Дала къинхетам бойла цунах) а далийна, IабдуллахI бин Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) аьлларг:

«Стага шен зудчунна бартбаккхар, цунах куьйгаш хьекхар – иза хьакхаваларх ду, и динчунна тIехь ламаз эцар ду».

IабдуллахI бин МасIуда (Дела реза хуьлийла цунна) бохучунна тIетевжина имамаш: ШафиIи, Малик, Ахьмад бин Хьанбал (Дала къинхетам бойла царах). Цара боху, зудчух хьакхавалар – зудчух муьлхха кепара хьакхавалар, бохург ду. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлларг далийна цара. Ша зина дина аьлла, шена тIевеанчу стагана кIелхьарвала меттиг юьтуш, цуьнга аьлла цо: **«Барт баьккхина хила мега ахь, я хьакхавелла хир ву хьо оцу зудчух».** Хьакхаваларан маьIна зудчуьнца юкъаметтиг хилар бохург хилча, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цуьнга «хьакхавелла хир ву хьо оцу зудчух» аьлла хир дацара.

**Цхьана мазхIабна тIаьхьавазаран хIукма хIун ду?**

Цхьана мазхIабна тIаьхьавазар магийна ду дуккхах болчу Iеламнаха. Цхьаболчу Iеламнаха важиб дина тIедиллина ду цхьана мазхIабна тIаьхьавазар (Аль-Амиди, Iабдулкъадир Iийса Дияб ...)

Iабдулкъадир Iийса Дияба шен «Мизан Аль-Iадил» бохучу жайнахь яздина: «Хьалха ша, дуккхах болчу Iеламнаха санна, цхьана мазхIабна тIаьхьавазар магийна ду аьллехь а, тахана еанчу заманахь цхьана мазхIабна даиманна тIаьхьавазар важиб ду. И важиб хиларан бахьанаш дагардийр ду вай: а) Бусалба нехан Iибадат цIена латторхьама, «Iеламнахе» динна юккъе шайггара, бух боцу хIуманаш ца деттийтархьама; б) Шайн лаамашка бирзинчу нахе бусалба дин ловза ца дайта».

МустIафа бин ИбрахIиман «Нуруль-якъин фи мабхьас ат-талкъин» жайнахь деана: «ХIора ижтихIад дан охIла воцчунна тIехь ду цу балхана охIла волчунна тIаьхьавазар».

ТIахьавис, МузхIирис «Деа мазхIабан фикъхI» жайнахь яздина, Делан Элчанал (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тIаьхьа деанчу кхаа бIешарчохь суннатан, жамIатан охIла деа мазхIабе декъаделла, аьлла. Iеламнехан барто сацам бина, оцу деа мазхIабах цхьаьнцце йогIуш йоцуш йина Iамал къобал хир яц, аьлла. Саййид ТIахьавис шен «Хьашият ад-дурруль-мухтар» жайнахь аьлла: «Цхьаболчу Iеламнаха боху, ялсамане гIур йолу тоба – суннатан, жамIатан охIла – деа мазхIабехь гулъелла, уьш бу: Хьанафин, Маликин, ШафиIин, Хьанбалин мазхIабехь берш. Оцу заманера схьа, оцу деа мазхIабна юкъара ваьлларг, ЦIеран охIланах хир ву».

ТӀаьхьарчу хенахь дешна нах бевлла, мазхӀабашна тӀаьхьавазар хьарам деш болу. Цара хӀара делилаш даладо:

– «МазхӀабийн дай ца хилла, вай санна, адамаш?! Вайна хуур ма ду, Ӏарбийн мотт хууш хилчахьана, Къуръан, «Сахьихь Бухари», «Сахьихь Муслим», Абу Давудан, Ан-Насаин, Ат-Тирмизин жайнаш чохь долу хьадисаш дешна, хӀуманан хьукма билгалдаккха».

Къуръанна, хьадисашна тӀера Ӏарбийн мотт хуучу муьлхха стагана хьукма даккхалуш хилча, Дала хӀара аят **«Ӏилма долчуьнга хатталаш, шайна ца хаахь»** хӀунда дайитина?!

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Ибн Ӏаббасана хӀара доӀа хӀунда дина: **«Я АллахӀ, динехь совваккхахьа иза, Къуръанах кхетам ло Ахь цунна».** *Ахьмад, Хьаким.* Къуръан, хьадисаш дешна, церан маьӀна дарх тоьаш дац хьукма билгалдаккха хаархьама. Масала, Везчу Дала боху Сийлахьчу Къуръана чохь: **«Шух цхьанна тӀе валар деача, нагахь цуьнан буха дуьсуш даьхни делахь, иза нийсонца дена-нанна, гергарчарна а ло аьлла весет дар тӀедиллина шуна. Делах кхоьручун декхар ду иза».** *«Аль-Бакъарат», 180.* Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьадис ду: **«Баккъалла а, АллахӀа хӀора догӀучунна хьакъ дӀаделла** (цунна догӀу дакъа билгалдина)**, верасна веллачух диснарг ло аьлла весет ма дойла».** *Абу Давуд, Тирмизи.* ХӀокху хьолехь Къуръанан аято, дена, нанна веллачух диснарг ло аьлла весет дойла боху, ткъа хьадисо – верасна веллачух диснарг ло аьлла весет ма дойла, боху. Ахьа Къуръан дагахь дешарх, мел дукха хьадисаш талларх, хӀокху хьолана нийса жоп карор дац хьуна. Амма хьалха дӀабаханчу мазхӀабийн Ӏеламнехан жайнаш тӀехь карор ду хьуна нийса жоп. Вай далийна Къуръанан аятан хьукма дӀаайдина (насх дина) кхечу ирс декъаран хьокъехь деанчу аяташа («Ан-Нисаъ», 11-12-гӀий аяташ). Цуьнан делил хӀара хьадис а ду: **«Баккъалла а, АллахӀа хӀора догӀучунна хьакъ дӀаделла».** *Абу Давуд, Тирмизи.*

Джалалуддин СуютӀис (Дала къинхетам бойла цунах) шен жайнахь хьахийна, Къуръан дӀахьеха бакъо йолчунна хаа дезаш долу 102 Ӏилма, говзалла. Баккхий Ӏеламнах – Къуръанна тафсир дина, шена 300 эзар хьадис дагахь хууш волу Джалалуддин СуютӀи, «Исламан тоьшалла» аьлла цӀе яхана волу имам ГӀазали а, «Сахьихь Муслим» цӀе йолу хьадисех гулдинчу жайнах кхетам белла волу Хьафиз имам Ан-Нававий а, иштта дуккха кхиболу Ӏеламнах а (Дала къинхетам бойла царах) – ца баьхьна шайггара Къуръанна, хьадисашна а тӀера хьукма даккха. Царна девзаш ма хилла Тирмизис далийна

хьадис: **«Къуръанна шена ма-хеттара** (кIорггера Iилма доцуш) **тафсир деш волчо, жоьжахатехь шена меттиг кечйойла».**

Массо дешна стаг вац Къуръанна, хьадисашна тIера шеггара хьукма даккха бакъо йолуш я и нийса даккха хуур долуш. Ша яьхначу бакъонашцa, шеггара, хьукма даккха магадарна Iеламнаха хIиттийна бехкамаш бу. Iабдулкъадир Iийса Дияба шен «Мизан аль-Iадил» бохучу жайнахь хьахийна уьш:

– Къуръанан Iилма девзаш хилар (муьлха аяташ хьалха диссийна, аяташ диссоран бахьанаш хIун ду, хьукма хийцина аяташ муьлханиш ду хаар ...);

– хьадисийн Iилма хаар (мутаватир, машхIур, гIариб..., хьадисаш довзар, сахьихь, хьасан, даIиф, мавдуI хьадисашна юкъара башхаллаш къастаяр, хьадисна тIетовжа магаран бехкамаш бовзар...);

– ижмаI Iилма довзар (ижмаI сарихь, ижмаI сукути довзар ...);

– Къиясан Iилма довзар (къиясан арканаш, Iиллат...);

– усуль Аль-ФикъхIан Iилма довзар;

– Iарбийн меттан Iилма хууш хилар (сорф, нахьву, балагIат...);

– насих, мансух Iилма девзаш хилар.

Цул сов, и Iеламстаг хила веза чIогIа ийман долуш, нийсо лелош, шен болх лерина беш.

ФикъхIан Iеламнехан шайн-шайн даржаш ду:

1) Лакхахь вай хьехийна бехкамаш шеца кхочушхилла, ша яьхначу бакъонашца хьукма доккхуш волчу Iеламстагах «мужтахIид мутIлакъ мустакъил» олу. Уьш бу деа мазхIабан дай.

2) Лакхахь вай хьехийна бехкамаш шеца кхочушхилла, амма шегара яьхна бакъонаш йоцуш, ша хьукма даккхарехь мазхIабан ден некъана тIаьхьавозучу Iеламстагах «мужтахIид мутIлакъ гIойру мустакъил» олу. Уьш бу ШафиIис хьехна волу Музани, БувайтIи; Абу Хьанифас хьехна волу Абу Юсуф (Дала къинхетам бойла царах).

ХIокху шина тайпана, кIорггера Iилма долу, Iеламнах бусалба нахана юкъара дIабевлла дуккха хан ю.

3) Царал лахахь вогIу «мужтахIид аль-мазхIаби». ХIоьттинчу хьолана, хаттарна шен мазхIабехь дала кийчча жоп дацахь, шен мазхIабан дозанашкахь ижтихIад до цо. Масала, Хьанафин мазхIабехь хилла волу

ТIахьави; ШафиIин мазхIабера Абу Исхьакъ Ширази (Дала къинхетам бойла царах).

4) Царал тIаьхьавогIу «мужтахIид таржихь». Цо болх бо шен мазхIабехь дина хьукма гIоли хилар билгалдаккхарна тIехь я, мазхIабан дас аьлларг, цуьнан мутаIелама аьллачул бегIийла хилар гучадаккхарна тIехь. Царах ву, масала, Хьанбалин мазхIабера Iалауддин Аль-Мардави; ШафиIин мазхIабера Ар-РафиIи, Ан-Навави (Дала къинхетам бойла царах).

5) Шен мазхIаб лардеш, шордеш, нахана цунах кхетам луш, цу мазхIабца ма-доггIу, нехан хьашташ кхочушдеш волчу мужтахIидах «мужтахIид аль-фатва» олу.

МазхIабашна реза боцчара хеттарш до:

– МазхIабийн дай гал ца бовлуш ма ца хилла, амма Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) галволуш ца хилла. МазхIабаш Iаддитина, Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тIаьхьа хIунда ца хIуьтту вай? Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) воцчунна, кхечу цхьана а адамна тIаьхьаваза аьлла, омра дина ма дац вайга Везчу Дала. Шен Сийлахьчу Къуръана чохь Цо боху вайга: **«Элчано шайна деанарг схьаэца аша, цо шайна дихкинчух духакхета шу».** *«Аль-Хьашр», 7.*

«МазхIаб» бохург хIун ду ца хуучунна хIара хаттар хезча, «Исламан тарихехь кхолладелла мазхIабаш ша-шаха дIасадаьржаш ду, хIора мазхIабо нах шен мазхIабе кхойкхуш бу аьлла, сурт хIотталур ду. Цу мазхIабашна юкъахь нийса мазхIаб вайн Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) мазхIаб ду, дисинарш гал хеталур ду. ХIун башхалла хилла-те оцу деа мазхIабна, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) асхьабийн Зайд бин Сабитан я МуIаз бин Джабалан, я IабдуллахI бин Iаббасан (Дела реза хуьлийла царна) мазхIабашна а юкъахь фикъхIан ахькамаш таллярехь?» Шайгахь Iилма хиларна, Делах кхерарца гIарабевлла болчу Iеламнаха гулдина мазхIабаш Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) мазхIабна дуьхьал муха хуьлу? Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, АллахIах кхоьруш берш – Цуьнан лешха Iеламнах бу».** *«ФатIыр», 28.*

Имам Нававин «МажмуI» жайнахь деана имам ШафиIис (Дала къинхетам бойла царах) аьлларг: «Шен жайни тIехь Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) суннатна дуьхьал догIуш хIума карадахь, цуьнан суннато бохург дай, аса аьлларг дIатасалаш». Имам ШаIранис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «Iеламнах шариIатан йийсарш бу». МазхIабийн дай, царна тIаьхьабогIу мазхIабийн Iеламнах бу вайна

Къуръанах, суннатах нийса кхетам луш берш. Делан Элчанера (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), цуьнан асхьабашкара (Дела реза хуьлийла царна) схьаэцначу Іилманца, заманашца хІуьттучу хьелийн хаттаршна, шариІатан хьукма билгалдаккха некъ биллинарш бу уьш. Цул сов, Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тІаьхьахІоттаран некъ хьехнарш ма бу и мазхІабийн дай. Ткъа мазхІабийн дай шаьш хьукма доккхуш галбовларан хьокъехь вай кхера оьшуш хІумма дац. ХатІиб БагІдадис «Руват» жайнахь далийна Малик бин Анаса (Дала къинхетам бойла царах) аьлла хІара дешнаш: «Іеламнехан мазхІабашка бекъабалар – Дала вайн умматна дина доккха совгІат (дика) ду. ХІора Іеламстаг (ша яьхначу бакъонашца ижтихІад дина, хьукма даккха Іилма дерг) шена гергахь нийса долчунна тІаьхьавозуш ву, шена гергахь нийсачу некъахь ву и, Далла тІебоьду некъ безаш ву».

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Хьукма дечу Іеламстага ижтихІад дина, нийса хьукма даьккхинехь, цунна шозза ял ю. Амма ижтихІад дина, иза галваьллехь, цунна цхьа ял ю».** *Бухари, Муслим.*

– Асхьабашкара Іилма схьаэцна хилча, церан мазхІабашна тІаьхьа хІунда ца дозу вай?

Ахьмад бин БурхІана - асхьабийн мазхІабашна тІаьхьаваза цамагадаран бахьанаш хьахийна шен «Аль-АвсатІ» жайнахь: «Асхьабийн мазхІабашна тІаьхьаваза ца мега, уьш яздина, гулдина а доцу дела, теллина, нисдина низаме далийна а доцу дела». Имам Аль-Хьарамайна (Дала къинхетам бойла цунах) яздина «Аль-БурхІан» жайнахь: «Іеламнаха ца магадо дешна боцчу нахана асхьабийн мазхІабашна тІаьхьабазар. Уьш тІаьхьабаза беза, яздина, низаме далийна, ахькамаш билгалдаьхна, хаттарш, хьелаш шайн-шайн дакъошка дерзийна долчу мазхІабашна».

– МазхІабаш бидІат ду, ткъа «ХІора бидІат тилавалар ду» аьлла, нийса хьадис ма ду Муслиман жайнахь деана.

Имам Навави (Дала къинхетам бойла цунах) ву масийтта бІешо хьалха «Сахьихь Муслим» олучу жайнан маьІна динарг, цу жайнах кхетам белларг. Цо шен жайнахь боху бидІат 5 кепара ду: хьарам, важиб, мандуб, макрухІ, мубахь. «ХІора бидІат тилавалар ду» бохучу хьадисехь дуьйцуш дерг хьарам, динца ца догІу, бидІат ду. Имам ШафиІис (Дала къинхетам бойла цунах) бидІат шина декъе декъна: шариІатца догІуш дерг, шариІатна дуьхьал дерг. «Цул сов, динца догІуш юкъадаьккхинчу хІуманах бидІат ала магош ца хилла имам ШафиІис (Дала къинхетам бойла цунах)».

– МазхIабаша бусалба нах тобанашка бекъна, царна юкъахь питанаш даржийна.

14 бIешарахь бусалба наха ирс эцна мазхIабех. МазхIаб бахьанехь царна юкъахь тIемаш ца хилла. МазхIабийн Iеламнаха вовшийн лерам чIогIа беш хилла. Имам ШафиIис ша Хьанафин мазхIабан маьждигехь ламазна хьалхаваьккхича, Абу Хьанифатан (Дала къинхетам бойла царах) ларамна, ламаз цуьнан мазхIабехь ма-дарра дина. Бусалба нахана юкъахь питанаш, девнаш а нах мазхIабашна херабевлча дуьйладелла.

МазхIабаш хилар Делан къинхетам бу, Дала вайн бина аьтто бу иза. Масала, хьаьж доьхкуш, КаIбатна тIавафан го боккхуш, ламаз карахь хила дезаш ду, амма, ца хууш, зудчух хьакхавелла ламаз карара даьлча, хIун дийр ду ШафиIин мазхIабехь волчо? Вайна ма хаьа, цигахь мел адам гулло. Цу хьолехь Хьанафин мазхIабна тIетевжина (цу мазхIабехь зудчух хьакхавелча ламаз карара ца долу), шен тIаваф кхочушдийр ду цо. Воккхачу Iеламстага Джалалуддин СуютIис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла-кх: «ХIокху умматехь мазхIабаш кхолладалар доккха ниIмат, беркат ду. Уммат мазхIабашка декъадаларца шатайпа башха къайле ю – Iеламнах шена тIекхуьур болуш, жехIил нахана йовза йиш йоцуш».

ТIаьхьарчу хенахь, мазхIабаш вовшах а тоьхна, цхьа мазхIаб кхолла деза бохуш дешна нах бевлла. Тхуна хетарехь, оцу гIуллакхан тIаьхьало яц. Шен-шен мазхIабийн бакъонашца ижтихIад (хьукма даккхаран болх) деш болу Iеламнах, цхьа хьукма дан реза болуш хаттар (хьал) хила мега, амма массо керла гучудовлучу хьелашна, хаттаршна цхьатерра хьукма даккха реза хир бац уьш, хIунда аьлча Iеламнехан ижтихIадехь бекъабаларш Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) заманахь дуьйна схьадогIуш ду. Цул сов, и цхьа мазхIаб хила деза бохучеран шайн мазхIаб кхолладала гена дац. Кхоьруш дерг ду, цхьа мазхIаб кхоьллича, дIадаханчу мазхIабийн жайнаш, цара яьхна бакъонаш йицъелла, Iеламнах тилабар.

Лакххахь ма-аллара, дин – цхьанна тIаьхьавазар ду, ткъа и мазхIабаш дIатесна, вай керлачу цхьана мазхIабна тIахьадазарца дIатесначу мазхIабийн дайшца йолу уьйр хадош ю. Уьйраш хаьдча, уьш бицбалар догIу цул тIаьхьа. Цо неI йоьллу, муьлххачу кIорггера Iилма доцчу «дешначу» нахана шайна ма-хетта, цхьана бакъонашна тIе а ца тевжаш, хьукма даккха. Цул сов, дIабаханчу мазхIабийн дайша а, царна тIаьхьабабьхкинчара а цхьаммо ца аьлла, мазхIабаш цхьана мазхIабе дерзо деза. Ибн Iабидина шен «Раддуль-мухьтар» жайнахь яздина бусалба нехан паччахьа-халифа ХIарун Ар-Рашида (велла 809-чу шарахь) имам Малике аьлларг: «Хьан жайнаш пачхьалкх мел ю

даьржина, нахана, хьан мазхIабана тIаьхьабаза аьлла, омра дан воллу со». Имам Малика жоп деллера: «Варийлахь, ма делахь иза. Суннатан охIланехь мазхIабаш хилар, Дала вайн умматна дина доккха совгIат (дика) ду хьуна».

Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Къуръан доьссичхьана, шайн балхах догдиллина Делан мостагIаша. Везчу АллахIа боху: **«Тахана догдиллина керстанаша шун динах** (шу динах духатохарх)**. Царах ма кхера шу, Сох кхера».** *«Аль-Маидат», 3.* Сийлахь Къуръан бакъ ца деш, цу тIехь кхачамбацарш лоьхуш, бехха тIом бина цара. Амма Делан Дош бакъ хилира юха а: **«Баккъалла а, Оха Къуръан доссийна, баккъалла а, Тхо и лардеш ма ду».** *«Аль-Хьижр», 9.*

Цунах шайн гIуллакх ца хилча, хьадисашна тIебирзина, уьш кего буьйлира динан мостагIий. Къуръанал тIаьхьа уггаре нийса долу «Сахьихь Аль-Бухари» жайни тIехь заьIап хьадисаш карийна бохуш, бусалба нехан хьадисех болу тешам байа гIиртира уьш. Делан къинхетамца, и болх дIа ца бахара церан. Тахана мазхIабашна дуьхьал болийна цара шайн болх. Немцойн Iилманчас Шахтас боху: «МазхIабийн дайша яздина Исламан фикъхI, законаш яздан Iеминчу говзачу нехан болх бен бац. Оцу законашна маьIналла далархьама, Къуръанера, хьадисашкара а гIо лехна цара. Цу наха даьхначу законашна тIаьхьавaза аьлла, Дала, Элчано а вайга омра ца дина». Оцу дешнийн маьIнах лаьцна дика ойла йича, жамI кхоллало: мел боккхачу Iеламнехан гуламо шариIатехь хIара сацам бина аьлла дIакхайкхийча, Шахтас бохург къобалдечара и сацам тIелоцур бац, и сацам (закон) Дала, Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) омра дина тIедожийна дац, аьлла. Ма новкъа хуьлу-кх, мазхIабийн Iеламнахана кхиболу бусалба дешна нах лийча, мазхIабашна тIаьхьабозучарна, ца бешаш, Iиттарш ян буьйлабелча а. МазхIабийн жайнашкахь долу Iилма, Iеламнаха юкъара зIе ца хадуьйтуш, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) асхьабашкара схьаэцна ду. Цара, вайна ма-хаъара, Делан Элчанера (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) схьаэцна. Цундела оцу деа мазхIабана вай тIаьхьадазар – иза Къуръанна, Суннатна тIаьхьадазар ду. И мазхIабийн жайнаш мел ду, Къуръан, хьадисаш шайна ма-хетта тида луучарна дуьхьало ялур ю Суннатан охIланна.

Оцу мазхIабашкахь охьадиллина ду бусалба стага дан деза Iибадат, яздина ду, цо нахаца юкъаметтиг муха лело еза, кхечу къаьмнашца муха хила веза а. Халахеташ делахь а, мазхIабаш ца оьшу бохурш вайна юккъе а кхаьчна. Вайнахана мазхIабаш ца оьшу бохучаьрга ла ца дегIар тоьлуш ду.

Вайна, дукхах болчарна, «мазхIаб» бохург хIун ду ца хаьа, мазхIабан цхьа а жайна дешна ца хуьлу вай, ткъа уьш оьшу я ца оьшу, муха хуур ду вайна?

БIешерашкахь бусалба Iеламнаха къахьегна йолуш, тIаьхьабогIучарна ирс эца йитина, мах боцу хазна ю мазхIабаш. Цу Iеламнаха биллинчу некъо аьтто бийр бу, оцу мазхIабийн керлачу Iеламнехан чкъурана, заманца кхолладеллачу хаттаршна, хьелашна, Делан дино ма-бохху, нийса хьукма билгалдаккха.

ВалийййуллохIи Ад-ДахIлавис боху «Аль-Инсаф» жайнахь: «Баккъалла, хIара диъ мазхIаб теллина, нисдина, яздина охьадиллина ду. Вайн умматан Iеламнехан хилла барт бу (таханалера де тIекхаччалц), мазхIабашна тIаьхьаваза мега аьлла. МазхIабашна тIаьхьабазарца къеггина маслаIат гучудолу нахана, къаьсттина, тахана санна, динехь къахьегар лахделлачу, адамаш шайн лаамашка дирзинчу, хIора дешначу стагана ша бакълуьйш ву аьлла хетачу заманахь».

Везчу Дала хьалха дIабаханчу Iеламнахаца йолу шовкъ-марзо ма хадайойла вайн, Цо Шен къинхетамах ма дохийла вай!

Составитель (Жайна хIоттийнарг) – Илесов Iелин Iарби

Подписано в печать

Тираж 2000 экз.

Редактор – А.А. Гайтукаев

Верстка –